



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO AJOUTE KAT ETA NAN AVÈTISMAN VWAYAJ
LA KI EGZIJE KARANTÈN PANDAN 14 JOU A**

*Delaware, Maryland, Ohio ak West Virginia satisfè kritè yo pou kalifye pou
avètisman vwayaj; yo retire Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken*

*0.96 pousan tè s pou COVID-19 yè yo te pozitif; 32 jou dafile avèk to enfeksyon yo
anba 1 pousan*

5 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

*SLA ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a Vizite 929 Etablisman; Obsève 8
Etablisman ki Pa Konfòm*

*Konfime 557 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total
nan tout Eta a rive 440,578; gen nouvo ka nan 40 Konte*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te retire kat Eta—Delaware, Maryland, Ohio ak West Virginia—satisfè kritè yo pou kalifye pou avètisman vwayaj pou COVID-19 Eta New York la. Yo retire Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken. Avètisman an egzike moun ki te vwayaje New York soti nan zòn ki gen pwopagasyon kominotè siyifikatif pou you mete yo an karantèn pandan 14 jou. Karantèn lan aplike pou nenpòt ki moun ki rive soti nan yon zòn ki gen yon pousantaj tè s pozitif pi wo pase 10 pou chak 100,000 abitan sou yon mwayèn mobil 7 jou oswa yon zòn ki gen yon pousantaj 10 pousan oswa pi wo pozitivite sou yon mwayèn mobil 7 jou.

To enfeksyon COVID-19 Eta New York yo te mwens pase 1 pousan pandan 32 jou dafile. Chif nouvo ka yo, pousantaj tè s ki te pozitif yo ak anpil lòt pwèn done itil yo toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Moun ki soti nan lòt eta yo kontinye rete yon pwoblèm, e jodi a nou ap ajoute kat lòt eta nan avètisman vwayaj New York la. Nou gen 35 eta ki gen gwo risk nan peyi sa a kounye a, sa ki enkwayab", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap antre nan yon nouvo faz diferan apre Jounen Travay (Labor Day) la. Aprè Jounen Travay la, moun yo kòmanse retounen nan travay, lekòl yo ap ouvri, aktivite yo ap ogmante, kolèj yo ap ouvri, ou wè sikilasyon an kòmanse ogmante. Kidonk, nou dwe kenbe sa nan lespri nou pandan n'ap avanse e nou bezwen rete vijilan e entèlijan pou nou pa fè bak."

Lis avètisman vwayaj, konplè ki aktyalize a anba a:

- Alaska
- Alabama
- Arkansas
- California
- Delaware
- Florida
- Georgia
- Guam
- Hawaii
- Iowa
- Idaho
- Illinois
- Indiana
- Kansas
- Kentucky
- Louisiana
- Maryland
- Minnesota
- Missouri
- Mississippi
- Montana
- North Carolina
- North Dakota
- Nebraska
- Nevada
- Ohio
- Oklahoma
- South Carolina
- South Dakota
- Tennessee
- Texas
- Utah
- Virginia
- Wisconsin
- West Virginia

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) te visite 929 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 8 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Bronx** - 1
- **Manhattan** - 1

- **Queens** - 2
- **Nassau** - 4

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 445 (+32)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 70
- **Lopital Konte yo** - 33
- **Kantite ICU** - 114 (-1)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 52 (-5)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 75,503 (+32)
- **Kantite Lanmò** - 5
- **Kantite Lanmò Total** - 25,367

Sou 57,826 tès pozitif yo te rapòte nan Eta New York yè yo, 557, oswa 0.96 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	SAMDI	DIMANCH	LENDI
Capital Region	0.9%	0.5%	1.3%
Central New York	0.8%	1.1%	0.6%
Finger Lakes	0.7%	0.7%	0.9%
Long Island	1.1%	1.0%	1.5%
Mid-Hudson	0.9%	1.2%	1.5%
Mohawk Valley	0.9%	1.1%	0.5%
New York City	0.7%	0.8%	0.9%
North Country	0.2%	0.3%	0.0%
Southern Tier	0.5%	0.4%	0.5%
Western New York	2.0%	1.9%	1.0%

Gouvènè a te konfime tou 557 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 440,578 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 440,578 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jwografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,840	7
Allegany	92	0
Broome	1,374	9
Cattaraugus	233	3
Cayuga	184	1
Chautauqua	477	1
Chemung	211	1
Chenango	239	4
Clinton	152	0

Columbia	576	0
Cortland	103	0
Delaware	125	1
Dutchess	4,944	5
Erie	10,346	26
Essex	149	0
Franklin	59	0
Fulton	312	0
Genesee	303	1
Greene	316	2
Hamilton	14	0
Herkimer	308	0
Jefferson	156	0
Lewis	49	0
Livingston	189	0
Madison	475	0
Monroe	5,602	17
Montgomery	215	0
Nassau	45,294	65
Niagara	1,659	5
NYC	236,434	222
Oneida	2,309	4
Onondaga	4,002	9
Ontario	413	5
Orange	11,535	10
Orleans	317	2
Oswego	331	2
Otsego	288	3
Putnam	1,539	5
Rensselaer	865	5
Rockland	14,439	21
Saratoga	900	7
Schenectady	1,322	8
Schoharie	73	0
Schuyler	29	1
Seneca	102	0
St. Lawrence	297	0
Steuben	323	3
Suffolk	45,356	52
Sullivan	1,544	0
Tioga	216	2

Tompkins	344	5
Ulster	2,203	0
Warren	331	5
Washington	271	1
Wayne	296	0
Westchester	37,314	37
Wyoming	127	0
Yates	62	0

Yè, te gen 5 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,367. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Bronx	1
Manhattan	1
Nassau	1
Schenectady	1
Ulster	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)